**दिन—सोमवार** **दिनांक—28.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

————————————————————————————————————

पहलगाम मे आतंकी हमला के बाद उत्पन्न स्थिति के लऽकऽ आइ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ नव दिल्ली मे हुनक आवास पर भेट कयलनि। दुनू नेताक मध्य करीब चालीस मिनट धरि भेल बैसार मे ताजा स्थिति के लऽकऽ चर्चा भेल। एहि सँ पूर्व काल्हि प्रमुख रक्षा अध्यक्ष जनरल अनिल चौहान रक्षामंत्री राजनाथ सिंह सँ हुनक आवास पर भेट कऽ पहलगाम आतंकी हमलाक बाद सेना द्वारा लेल गेल निर्णय पर चर्चा कयने छलाह।

————————————————————

भारत पहलगाम आतंकी हमला के लऽकऽ गलत सूचना पसारबाक लेल डॉन न्यूज, समा टीवी, एआरवाई न्यूज आ जियो न्यूज सहित सोलह पाकिस्तानी यू—ट्यूब चैनल पर प्रतिबंध लगा देलक अछि। एहि यू—ट्यूब चैनल पर सेना आ सुरक्षा एजेंसीक विरूद्ध भड़काऊ आ सांप्रदायिक रूप सँ संवेदनशील सामग्री, झुठ आ भ्रामक बयान पसारबाक कारणे प्रतिबंध लगाओल गेल अछि। सरकार हमला पर बीबीसीक रिपोर्टिंग पर सेहो आपत्ति दर्ज कयलक अछि आ भारतक बीबीसी प्रमुख के देशक भावना सँ अवगत करौलक अछि।

————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एखन राष्ट्रपति भवन मे आयोजित समारोह मे पद्म पुरस्कार प्रदान कऽ रहल छथि। प्रदेशक सात हस्ती पद्म पुरस्कार सँ सम्मानित भऽ रहल छथि। स्वर कोकिला स्वर्गीय शारदा सिन्हा के पद्म विभूषण, पूर्व उपमुख्यमंत्री स्वर्गीय सुशील कुमार मोदी पद्म भूषण सँ सम्मानित भऽ रहल छथि। पूर्व आईपीएस अधिकारी आ समाजसेवी स्वर्गीय आचार्य किशोर कुणाल, आराक भीम सिंह भवेश, सुजनी कलाकार मुजफ्फरपुरक निर्मला देवी, पटनाक वरिष्ठ चिकित्सक डॉक्टर हेमंत कुमार आ जमुई सँ

जुड़ल विजय नित्यानंद सूरीवर जी महाराज के पद्म श्री पुरस्कार सँ सम्मानित कयल जा रहल छनि।

———————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे विधानसभा चुनाव अपन निर्धारित समय पर होयत। समस्तीपुर मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री सिन्हा कहलनि जे राज्य मे जाति नहि अपितु विकासक राजनीति कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे प्रदेशक जनता चुनाव मे महागठबंधन के कड़गर जवाब देत।

———————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी कहलनि अछि जे विभागीय काजक नियमित निरीक्षण सँ कार्य प्रणाली मे सुधार भेल अछि। श्री सरावगी आइ पटना मे भू–अभिलेख आ परिमाप निदेशालय मे भूमि सुधार उपसमाहर्ता लोकनिक काजक समीक्षा बैसार के संबोधित करैत कहलनि जे जनता सँ जुड़ल समस्या के प्राथमिकताक आधार पर हल करबाक चाही।

———————————————————

नीट पेपर लीक मामिलाक मुख्य आरोपी संजीव मुखियाक रिमांड अवधि बढ़ा देल गेल अछि। न्यायालय आइ मुख्य सरगनाक रिमांड लेल आर्थिक अपराध इकाईक आग्रह के मंजूर कऽ लेलक एकर बाद संजीव मुखिया के दू दिनक रिमांड पर ईओयू के सौंपि देल गेल।

———————————————————

पश्चिम विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे अन्हर, बरखा आ वज्रपातक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग आइयो मधुबनी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर भारी बरखाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि। विभाग पटना, गया, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, सारण आ खगड़िया समेत पच्चीस जिला मे अगिला चौबीस घंटा मे तेज अन्हर, बरखा आ ओलावृष्टिक रेड अलर्ट जारी कलयक अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे पटना समेत कतेको जिला मे गरज आ तेज हवाक संग बरखा दर्ज कयल गेल। हमर मधुबनी संवाददाता जनौलनि अछि जे

शहरी क्षेत्र मे बरखा सँ जल जमावक स्थिति बनि गेल अछि। ओतहि, दरभंगा जिलाक विभिन्न भाग मे बरखा भेला सँ भूगर्भीय जलस्तर मे सुधार हेबाक उम्मीद अछि।

———————————————————————

बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरण लोक सभ के खराब मौसम मे सावधान रहबाक सलाह देलक अछि। प्राधिकरण परामर्श जारी कऽ कहलक अछि जे बरखा काल लोक अनावश्यक रूप सँ घर सँ बाहर खुलल मे नहि रहथि आ ठनकाक स्थिति मे सुरक्षित स्थान पर शरण लेथि।

———————————————————————

दरभंगा मे बाऱ एसोसिएशनक चुनाव मे चंद्राधर मल्लिक अध्यक्ष निर्वाचित भेलाह। जखनकि कृष्ण कुमार मिश्रा महासचिव चुनल गेलाह।

दरभंगा मे मिथिला लेखक मंचक दिस सँ एक संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। एहि आयोजन मे नाटक सेनुरक मोल आ सुरदास मे समीक्षा कयल गेल।

अररिया जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र सँ पुलिस बावन अपराधी के भारी मात्रा मे शराब आ आनो आपत्तिजनक समानक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त